

Florida Healthy Start

PWOGRAM DOULA

Florida Healthy Start itilize modèl G. R. O. W. DoulaTM pou program doula li an nan tout eta a. G. R. O. W. Doula sipòte, edike epi bay fanm ansent yo mwayen pou yo ka kontwole sante yo, reyalize gwosès yo e fè yon bon akouchman.

KI SA YON DOULA YE?

Yon **doula** se yon pwofesyonèl ki pa nan domèn swen medikal, ki pran fòmasyon pou l **sipòte manman yo** ak fanmi yo fizikman, emosyonèlman epi ba yo enfòmasyon ki baze sou bonjan prèv **anvan, pandan, epi apre akouchman an.**

Yon doula **dwe asire l** manman an, tibebe a, avèk fanmi an viv yon bon eksperyans **akouchman** posib.

BYENFÈ VIZIT DOULA YO BAY

- Pandan vizit yo anvan w akouche, doula w lan ap fè w jwenn anpil konesans ki byen fonde, l ap ede w devlope yon plan akouchman epi l ap aprann plis sou fanmi w, sou eksperyans ou fè nan lavi w pou l ka ba w yon pi bon sipò posib.
- Pandan tranche yo, doula a ap itilize teknik tankou masaj men, masaj ki fèt ak pwent dwèt ak kontwòl respirasyon an. Y ap konseye w chanje pozisyon pou akselere travay fetis la oswa pou ede l nan pozisyon li ye a. Yo ap bay konsèy tou epi ankouraje afeksyon ak komunikasyon ant ou menm ak patnè w

AVANTAJ YO

- Aprann ou pi bon fason yo pou w jere strès ckak jou.
- Jwenn sipò nan anviwònman ak akonplisman objektif pèsonèl ou menm ak fanmi w genyen yo.
- Konekte w avèk tout resous kominate a.
- Aprann sou evolisyon ak devlopman ni ou menm ni tibebe w la.



SWEN DOULA A


- Care begins between 26–28 weeks gestation.
- There are up to five visits prenatally prior to 42 weeks gestation.
- Doulas are on call up until the moment labor begins.
- Continued support after birth and until breastfeeding is initiated.
- After delivery, doulas provide up to three postpartum visits.



G.R.O.W. DOULA™

Guidance (Direksyon)
Resource (Resous)
Open hearted (Kè ouvè)
Wisdom (Sajès)

REZILTA DEPI LÈ YON TIMOUN FÈT LÈ W
ITILIZE MODÈL G. R. O. W. DOULA A



Done Pwogram G. R. O. W. Doula genyen yo gen ladan l 190 timoun ki fèt soti jiyè 2018 rive 30 jen 2021 (33% nwa, 38% blan (ki pa Ispanofòn), 22% Ispanofòn (blan), 7% lòt oswa enkonni). Depatman Sante Florid, Biwo Kont Statistik Vital (Bureau of Vital Statistics County) ak to enpo Leta fikse sou 3 an soti 2018-2020.

Kontakte sant
Healthy Start ki pi
pre w la
HEALTHY START
jodi a!



Florida Association of Healthy Start Coalitions (FAHSC)
2002 Old St. Augustine Road, Ste. E-45,
Tallahassee, FL 32301
850-999-6200 • healthstartflorida.com